

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Surya Ningrum*. Sumberna ieu wawacan téh ti Apih Usin, perenahna di Kampung Tugu, Désa Cipeundeuy, Kacamatan Suradé, Kabupatén Sukabumi. Aksara anu digunakeun nya éta Arab Pégon jeung ngagunakeun basa Sunda, kandelna naskah 365 kaca, sarta ngagunakeun 14 pupuh (kanto). nya éta pupuh asmarandana, sinom, dangdagula, kinanti, durma, pucung, pangkur, gambuh, wirangrong, pupuh magatru, maskumambang, demung, mijil, jeung lambang.


3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah nu dilakukeun, nya éta: (1) déskripsi naskah, (2) transliterasi naskah, (3) nganalisis téks, (4) kacindekan, jeung (5) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré dibagankeun ieu di handap.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan



Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Nyusun Laporan

3.3 Metode Panalungtikan

3.3.1 Metode Panalungtikan

Istilah metode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén), nu hartina “tarékah”, stratégi, atawa siasat maham réalitas (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Fungsi metode nya éta pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2013, kc. 34).

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta metode déskriptif. Metode déskriptif nya éta metode panalungtikan pikeun ngagambarkeun karakteristik tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2013, kc. 53). Metode déskriptif anu digunakeun nya éta metode déskriptif analisis, nya éta pikeun ngadéskripsikeun *Wawacan Surya Ningrum* nepi ka bisa kapaluruh kaayaan éta carita anu nyangkaruk dina wawacan, anu saterusna dianalisis struktur carita anu ngawangun caritana (palaku/watek, galur, latar, jeung téma), jeung hasil analisisna dijadikeun pikeun bahan ajar.

3.4 Instrumen Panalungtikan Wawacan Surya Ningrum

Instrumen anu digunakeun dina panalungtikan kualitatif nya éta jalma anu nalungtik (*human instrumént*) (Sugiyono, 2008, kc. 306). Sanggeus ngarumuskeun masalah panalungtikan, mangka instrumén ngagunakeun triangulasi (gabungan) di antarana pedoman wawancara, jeung tala’ah Pustaka.

1) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan naskah. Wawancara dilaksanakeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disusun tianggalna (*wawancara terstruktur*), mangrupa

Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

daftar pertanyaan anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan. Anapon pertanyaan-pertanyaan anu digunakeun dina lambar wawancara di antarana:

1. Ti saha kenging naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?
2. Saha nu ngarang naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?
3. Noan fungsi naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh? Boh baheula, boh ayeuna?
4. Kumaha cara nyimpen éta naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?
5. Nalika éta naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” katampi wedel atawa tos ruksak?
6. Warna kertas naon nu digunakeun dina naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?
7. Kumaha kaayaan naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?
8. Naon eusi karangan naskah “*Wawacan Surya Ningrum*” téh?

2) *Kamera Digital*

Kamera digital digunakeun pikeun ngartikeun sora dina prosés ngumpulkeun data.

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dokumentasi jeung talaah pustaka.

1) Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan kajadian-kajadian nu penting.

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu bisa mangrupa tulisan, gambar, atawa karya-karya nu monuméntal.

Dokuméntasi dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Surya*

Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ningrum. Naskah nu dipaké mangrupa duplikatna (hasil scan), sabab lamun dipaké naskah nu asli bisi ruksak.

2) Téknik Tala'ah Pustaka

Talaah pustaka mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan anu rék ditalungtik ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Talaah pustaka digunakeun salian ti néangan data, ogé pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan.

Pustaka nu ditalaah pikeun kapentingan ieu panalungtikan museur kana tilu hal sabudeureun bahasan wawacan, struktur caritana, jeung pangajaran maca carita buhun.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun studi dokuméntasi.

Studi dokuméntasi dina téhnik ngumpulkeun data dilakukeun ku cara ngumpulkeun jeung maca téks atawa bahan-bahan, saperti macaan ngeunaan wawacan jeung transliterasina, struktur carita karya sastra, jeung dasar-dasar téori nu aya hubungan jeung panalungtikan.

3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Déskripsi jeung maca naskah *Wawacan Surya Ningrum*;
- 2) Ngatransliterasi naskah *Wawacan Surya Ningrum*;
- 3) Nganalisis struktur *Wawacan Surya Ningrum*, jeung;
- 4) Nyieun conto bahan ajar maca carita buhun pikeun SMA kelas XII luyu jeung KI-KD pangajaran basa jeung sastra Sunda, jeung;
- 5) Nyusun laporan panalungtikan, dina wangun skripsi.

Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Wangenan Operasional

a. Wawacan

Wawacan nya éta carita anu didangding, digelarna dina wangun pupuh. Wawacan mangrupa karya sastra buhun minangka pangaruh tina sastra Jawa, lantaran pupuh nu ngawangun leunjeuran carita dina wawacan téh asalna ti Jawa. Wawacan biasana sok ditembangkeun dina seni beluk (Iskandarwassid, 2003, kc. 168)

b. Analisis Struktur

Nurutkeun Abrams (dina Nurgiyantoro, 1998, kc. 36), struktur nyaéta (susunan) anu negeskeun tina gambaran anu ngahasilkeun karangan hiji komponén nepi ka ngawujud jadi karya sastra.

Dina karya fiksi, unsur-unsur nu ngawangun struktur karya sastra téh di antarana: téma jeung masalah, fakta carita (alur, tokoh, latar), jeung sarana carita (sudut pandang, gaya basa, jeung suasana) (Stanton, 2012, kc. 22).

c. Bahan Pangajaran

Bahan ajar kudu sajalan jeung ukuran-ukuran tina kurikulum nu digunakeun. Ku kituna guru kudu parigel milih bahan pangajaran jeung nangtukeun pangajaran nu baris ditepikeun ka murid sangkan éta bahan pangajaran téh luyu jeung katangtuan (Harjanto, 2008, kc. 222) .

Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu